

Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 3.1 MILYON DOLA NAN FINANSMAN
POU KONBAT VYOLANS AK ZAM YO TOUPATOU NAN ETA NEW YORK**

***Sèt Òganizasyon San Bi Likratif yo Ap Resevwa Sibvansyon pou Kontinye
Apwòch Ki Baze sou Evidans yo Atravè Sansibilizasyon nan
Lari SNUG lan Ane Pwochè an 2019***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plis pase 3.1 milyon dola pou finanse SNUG, ki se pwogram sansibilizasyon nan lari New York, nan sèt kominote atravè eta a. Pwogram SNUG lan vize redwi vyolans ak zam yo epi sove lavi apati entèvansyon apre fiziyad yo pou ka evite vanjans, nan travay ansanm ak jèn ki an gwo danje yo pou ka konekte yo ak sèvis ak pwogram yo, ansanm ak lòt inisyativ angajman kominotè yo. Finansman an pral pèmèt pwogram nan kontinye ane pwochè nan katye espesifik yo nan Mt. Vernon, Rochester, Bronx, Yonkers, Troy, Poughkeepsie ak Buffalo.

“Twòp fanmi ak kominote te devaste pa vyolans ak zam yo nan peyi nou an”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Soti depi nan adopsyon lwa sou sekirite pou zam yo ki djanm nan nasyon an pou rive nan sipòte pwogram krisyal tankou SNUG, Eta New York ap pran mezi desizif pou mete fen nan epidemi vyolans ak zam yo epi nou pa pral repoze jiskaske lanmò ki an rapò ak zam yo sispann yon fwa pou tout.”

“Atravè pwogram ak sèvis yo nan kominote yo atravè Eta a, New York ap envesti nan efò nou ap fè pou konbat vyolans ak zam yo epi ranfòse kalite lavi pou abitan yo”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Ak mezi ak inisyativ sou sekirite pou zam yo ki djanm tankou SNUG yo, nou ap pran angajman pou nou pwoteje moun New York yo epi asire ke timoun ak fanmi yo an sekirite.”

Yo te anonse finansman sibvansyon an ap totalize anviwon 1.6 milyon dola pou sipòte travay sansibilizasyon nan lari nan kat lòt kominote - Albany, Syracuse, Hempstead ak Wyandanch - nan kòmansman ane sa a, ansanm ak lòt inisyativ pou abòde ogmantasyon nan vyolans ak zam ak gang yo nan kominote sa yo.

Envestisman Eta New York ap fè pou kontinye SNUG ane pwochè totalize 4.78 milyon dola, ki se anviwon 220,000 dola an plis pase finansman ke yo te bay an 2018. Administratè pa Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl lan (Division of Criminal Justice Services) nan Eta a, pwogram sansibilizasyon nan lari SNUG lan te evolye depi apre li te lanse an 2009. Li gen ladan yon pwogram eskolè pou fòmasyon inik, ki te devlope apati itilizasyon pi bon pratik yo ki soti nan lòt pwogram yo; li ap bay asistans teknik adisyonèl ak oryantasyon nan espas yo gratis; epi li entegre itilizasyon analiz sou krim yo pou gide travay li yo.

An total, 11 òganizasyon san bi likratif pral pataje finansman sibvansyon an epi jere pwogram SNUG lan, ki ap anboche travayè sansibilizasyon yo ki ap viv nan kominote yo kote yo ap travay epi te gen eksperyans similè yo tankou jèn ki an gwo danje ke yo vize ede yo. Konsidere kòm mesaj kredib yo, yo fè entèvansyon pou fiziyad yo pou ka anpeche vanjans, ede detekte konfli yo, epi travay pou rezoud yo yon fason pasifik anvan ke yo mennen a vyolans adisyonèl. Travayè sansibilizasyon yo angaje kominote a tou atravè rasanbleman ak aktivite espesyal yo, epi yo rankontre ak jèn ki an gwo danje yo ki enplike nan pwogram nan pou ka etabli objektif yo, konekte yo ak asistans pou ka amelyore opòtinite edikatif ak pou travay yo, epi ede yo viv lavi ki san krim yo.

Òganizasyon nou pral site la yo pral resevwa sibvansyon ke yo te anonse jodi a yo:

- Family Services of Westchester, Mt. Vernon: \$290,500
- Action for a Better Community, Rochester: \$543,700
- Jacobi Medical Center Auxiliary, Bronx: \$626,500
- Yonkers YMCA, Yonkers: \$355,820
- Trinity Alliance, Troy: \$333,050
- Family Services Inc., Poughkeepsie: \$305,100
- Back to Basics, Buffalo: \$677,980

Yo te anonse anvan sa finansman SNUG pou òganizasyon sa yo:

- Trinity Alliance, Albany: \$426,200
- Syracuse Model Neighborhood Facility: \$505,300
- Family and Children's Association, Hempstead: \$386,050
- Konsèy Opòtinite Ekonomik Suffolk, Wyandanch: \$329,800

Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Michael C. Green te deklare, “Pwogram ki baze sou evidans tankou SNUG yo te ede fè pwogrè konsiderab nan amelyore sekirite piblik atravè eta a. Pandan ke nou te wè yon deklèn enpresif nan vyolans ak zam yo pandan ane resan yo, toujou genyen plis travay pou nou fè, epi finansman sa a pral pèmèt travayè sansibilizasyon nan lari yo kontinye ak travay enpòtan sa a nan kèk zòn ki nan eta nou an ki frape pi fò pa krim vyolan yo”.

Travay rezo sansibilizasyon nan lari sa a te yon konpozan kle nan estrateji rediksyon krim nan Eta a. Jan ke ajans fòs lapolis ki ap patisipe nan inisyativ Eliminasyon Vyolans Ki Enplike Zam yo (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) te rapòte, kantite ensidan fiziyad yo te diminye de 11 pousan nan kominote ki gen pwogram SNUG yo pandan onz premye mwa nan ane 2018 lan konpare a ane anvan an. Ensidan fiziyad yo te bese tou konpare a kantite mwayèn lan sou senk an. Omisid ki an rapò ak zam yo nan jiridiksyon sa yo te bese de 5 pousan lè yo konpare yo a kantite mwayèn lan sou senk an. Dis nan 11 pwogram SNUG yo (ki eskli Bronx) fonksyone nan kominote ki sible pa GIVE yo, yon pwogram ki ap konbat krim yo ki ap bay fòs lapolis yo finansman ak asistans teknik ki administre pa Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl lan.

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl nan Eta New York la (www.criminaljustice.ny.gov) se yon ajans sipò jistis kriminèl ki gen plizyè fonksyon ki gen divès responsabiltè, ki gen ladan yo fòmasyon pou fòs lapolis yo; koleksyon ak analiz done sou krim atravè tout eta a; antretyen dosye enfòmasyon rejis kriminèl ak dosye anprent yo; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a yo, an patenrya ak Lapolis Eta New York lan; finansman ak

sipèvizyon pou pwogram libète kondisyonèl ak pwogram koreksyon kominotè yo; jesyon fon jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis kriminèl toupatou atravè eta a yo; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl (Sex Offender Registry) eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)